

BIWO JESYON VIL NEW YORK (NYC OMB)
Pwograme pou Devlopman Kominotè atravè Sibvansyon Blòk (CDBG)
Pwogram Demolisyon ak Sibvansyon pou Konsèvasyon Istorik Moniman yo – 2026 – Konte Kings
Avi Preliminè ak Revizyon Piblik sou yon Aktivite Pwopoze nan yon Zòn Inondab dapre Federal Flood Risk Management Standard (FFRMS)

Pou: Tout ajans, gwoup, ak moun ki enterese yo:

Sa a se pou fè konnen Vil New York (Vil la) te detèmine ke aksyon sa yo ki pwopoze anba pwogram Community Development Block Grant (CDBG) Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) la ka gen sit ki chita nan zòn inondab ki defini pa Federal Flood Risk Management Standard (FFRMS). Nan absans done Climate-Informed-Science-Approach (CISA), yo itilize Apwòch Inondasyon ki Gen 0.2 Pousan Chans pou Rive Chak Ane (Inondasyon 500 Ane) pou defini zòn inondab FFRMS la. Apwòch sa a sèvi ak elevasyon an ak zòn danje inondasyon an jan yo montre sou kat ki pi resan Federal Emergency Management Agency (FEMA) Flood Insurance Rate Maps (FIRMS) oswa FIRMS preliminè yo, selon sa ki pi sevè a.

Vil la pral idantifye epi evalye altènativ ki rezonab pou evite lokalize aksyon an nan zòn inondab la, ansanm ak enpak potansyèl aksyon pwopoze a nan zòn inondab la, jan Dekrè Egzekitif 11988 egzije sa epi an konfòmite ak règleman HUD yo nan 24 CFR 55.20, Sou-Seksyon C, Pwosedi pou Fè Detèminasyon sou Jesyon Zòn Inondab. Pwojè yo pwopoze yo ta fèt sou plizyè sit atravè Konte Kings (Brooklyn), jan sa dekri anba a.

DESKRIPSYON PWOGRAM

Aktivite Pwogram Demolisyon an ta dwe fèt pa NYC Department of Housing Preservation and Development (HPD). HPD gen responsablite pou demoli oswa estabilize estrikti nan senk minisipalite Vil la ki danjere oswa ki ka vin danjere oubyen pa an sekirite, swa sou plan estriktirèl, kòm yon risk dife, oswa kòm yon menas pou lavi moun ak sante piblik lè pwopriyetè pwopriyete a pa pran mezi ki nesesè yo. HPD fè aktivite demolisyon ijans ak ki pa ijans, ki gen ladan demolisyon total oswa pasyèl ansanm ak travay ki asosye yo (pa egzanp: tès amyant ak siveyans kalite lè; sekirize zòn travay la; netwaye, retire debri, ranpli tè, epi nivelman teren an). Fon CDBG yo ta itilize sèlman pou demoli pwopriyete ki deteryore yo epi yo pa ta itilize pou redevlope sit sa yo.

Pwogram Sibvansyon pou Konsèvasyon Istorik Moniman yo bay asistans finansye pou reyabilite, prezève, ak restore pwopriyete istorik ki deziyen kòm moniman endividyèl Vil New York, ki sitiye nan distri istorik deziyen Vil New York, oswa ki enskri oswa ki kalifye pou enskripsyon nan Rejis Nasyonal Kote Istorik yo. Pou kalifye pou yon sibvansyon restorasyon enteryè, enteryè bilding lan dwe deziyen kòm istorik. Pwopriyete ki kalifye yo dwe satisfè kritè objektif nasyonal CDBG yo epi yo limite a pwopriyete rezidansyèl (okipe pa pwopriyetè oswa lokatè) ansanm ak pwopriyete ki fè pati òganizasyon san bi likratif piblik oswa prive. Travay ki kalifye sou fasad yo gen ladan, men yo pa limite a: rekonstriksyon ak repwentaj masonri; restorasyon fasad, rebò fenèt, linto ak twati; retire penti; epi reparasyon ak ranplasan fenèt, kònich ak pòt devan yo. Deranjman tè a ta limite sèlman a aktivite ki fèt sou tè ki te deja deranje, tankou ti reparasyon sou eksteryè estrikti a (pa egzanp, reparasyon mach eskalye devan an). Aktivite ki enplike gwo deranjman tè oswa perturbasyon tè ki pa t janm deranje anvan pa kalifye pou Pwogram nan.

Paske aktivite toude pwogram yo limite a sit ki te deja deranje, yo pa prevwa aktivite pwojè yo ap gen efè negatif sou valè natirèl zòn inondab la.

Fon CDBG yo atribye bay Vil la chak ane epi, akòz nati pwogram sa yo, kote espesifik kote aplikasyon yo ap fèt yo pa konnen davans. Yo estime apeprè \$10,000,000 nan fon CDBG yo pral atribye chak ane pou Pwogram Demolisyon an, epi apeprè 97 sit pral benefisye pwogram nan chak ane atravè tout vil la. Pou Pwogram Sibvansyon pou Konsèvasyon Istorik Moniman yo, yo estime apeprè \$114,000 nan fon CDBG yo pral atribye chak ane, epi apeprè dis sit pral benefisye pwogram nan chak ane atravè tout vil la. Yo pa konnen konbyen nan sit sa yo ki pral tonbe nan yon zòn inondab oswa nan chak minisipalite. Kantite total apeprè kawo tè nan Konte Kings ki sitiye nan zòn inondab FFRMS la se jan sa a:

	Zòn Inondab 100 Ane (Zòn A, AE, VE)	Zòn Inondab 500 Ane (Zòn X ki lonbre oswa 0.2 pousan chans chak ane)
Kat Ofisyèl FIRM ki an vigè (2007)	1079	263
FIRM Preliminè (2015)	1,406	433

Gen twa objektif prensipal pou avi sa a. Premyèman, moun ki ka afekte pa aktivite nan zòn inondab yo epi ki enterese the nan pwoteksyon anviwònman natirèl la dwe gen opòtinite pou eksprime enkyetid yo epi bay enfòmasyon sou zòn sa yo. Moun k ap fè kòmantè yo ankouraje pou pwopoze lòt sit andeyò zòn inondab la, lòt metòd pou reyalize menm objektif pwojè a, ansanm ak metòd pou minimize ak diminye enpak pwojè a sou zòn inondab la. Dezyèmman, yon pwogram avi piblik adekwa kapab yon zouti enpòtan pou edikasyon piblik. Difizyon enfòmasyon sou zòn inondab yo kapab fasilite epi ranfòse efò gouvènman federal la pou diminye risk ki asosye ak okipasyon ak modifikasyon zòn espesyal sa yo. Twazyèmman, kòm yon kesyon ekite, lè gouvènman federal la detèmine li pral patisipe nan aksyon ki fèt nan zòn inondab yo, li dwe enfòme moun ki ka ekspoze a yon risk ki pi gwo oswa ki kontinye egziste.

Tout moun, gwoup ak ajans ki enterese yo envite pou soumèt kòmantè alekri konsènan itilizasyon pwopoze fon federal yo pou sipòte aktivite pwogram ki ka sitiye nan yon zòn inondab. Peryòd minimòm kòmantè a, ki dire 15 jou kalandriye, ap kòmanse jou apre piblikasyon an epi ap fini nan 16yèm jou apre piblikasyon an.

Vil New York dwe resevwa kòmantè alekri yo nan adrès sa a pa pita pase 17 jiyè 2026: Biwo Jesyon ak Bidjè Vil New York, 255 Greenwich Street, 8yèm Etaj, New York, NY 10007, Pou Atansyon: Juliet Jacobs, Chèf Inite Anviwònman an, oswa pa telefòn nan (212) 788-1653. Yon deskripsyon konplè pwojè a kapab tou konsilte soti 9:30 a.m. rive 5:30 p.m. nan adrès ki endike anwo a, oswa li kapab mande pa imèl. Kòmantè ak demann enfòmasyon sou pwojè a kapab voye pa imèl nan CDBGComments@omb.nyc.gov.

Vil Nouyòk (CITY OF NEW YORK)

Zohran Kwame Mamdani, Majistra
Sherif Soliman, Direktè Jesyon ak Bidjè

Dat: 1ye jiyè 2026